

# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou  
Estigmatizasyon  
ak diskriminasyon**

6



USAID  
ED PEP AMERIKEN

HAITI



# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou  
Estigmatizasyon  
ak diskriminasyon**



**HAITI**





Lè seyans sa a fini patisipan yo ap kapab:

- *Eksplike kisa estigmatizasyon, diskriminasyon ak oto-estigmatizasyon a ye*
- *Rekonèt divès kalite fòm estigmatizasyon moun kap viv ak jèm SIDA ap sibi*
- *Diskite sou kisa ki lakòz estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun kap viv ak jèm SIDA ak konsekans sa genyen sou yo, sou fanmi yo ak zanmi yo epi sou tout kominote a*
- *Diskite sou otostigmatizasyon*
- *Diskite sou kèk aksyon ki ta dwe fêt pou frennen estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun kap viv ak jèm SIDA. Se kapab aksyon pèsonèl chak moun oswa nan tèt kole ak kominote a*



**Dire dyalog la: 3zèdtan**

## Dewoulman seyans lan

### 1. Fè entwodiksyon (10 minit)

Lè seyans lan fèk kòmanse:

- *Di patisipan yo bonjou, mande yo kouman yo ye, kouman fanmiy yo ye*
- *Di yo jan ou kontan la avèk yo yon lòt fwa ankò*
- *Mande yo chita an wonn dekwa pou youn kapab wè lòt*
- *Mande yon patisipan ki vle kòmanse fè rezime pwen enpòtan ki te diskite nan seyans anvan-an.*

- *Mande de lòt volontè fin fè rezime a*
- *Korije oswa konplete sa patisipan yo di yo si sa nesesè*
- *Di yo ki sijè ki pwal diskite jodi a epi prezante objektifyo*

## **2. Bwase lide sou kisa estigmatizasyon, diskriminasyon ak oto-estigmatizasyon ye (1 è)**

Diskite ak patisipan yo ak kesyon sa yo: Eske nou dejá viv sitiasyon sa yo?

- *Yo mete nou deyò nan yon aktivite biblik*
- *Mari nou oswa madanm nou lage nou*
- *Lòt moun nan fanmi a rejte nou*
- *Yo pase nou nan betiz oswa yo joure nou paske nou enfekte*
- *Nou resevwa atak fizik*
- *Yo mete nou deyo oubyen yo mande nou remèt kay pou sa*
- *Nou pa resevwa swen nan lopital oswa sant sante*
- *Nou santi nou pouko nou?*
- *Moun okouran estati nou san se pa nou ki di yo sa?*
- *Gen moun, depi yo konn estati nou, yon mal alèz ak nou?*
- *Gen moun ki konn di nou se sa nou fè nap peye?*

Apre ti diskisyón sa mande patisipan yo èske yo konn tande pale sou estigmatizasyon diskriminasyon ak Oto-estigmatizasyon?

- *ki kote yo tande pale sou sa*
- *Mande yo kisa yo konn tande yo di sou sa*
- *Mande yo kisa sa vle di pou yo*

- Ankouraje yo pale epi koute repons yo apre chak kesyon

Lè yon patisipan bay yon lide mande yon lòt patisipan konplete sa 1 di a oswa mande 1 kisa li panse sou sa.

Kite plizyè patisipan bay dizòn yo. Apre sa ranmase lide yo epi bay bon esplikasyon an sou kisa estigmatizasyon, diskriminasyon ak Oto-estigmatizasyon vle di.

Kore esplikasyon yo ak kèk egzanp sou estigmatizasyon tankou: Bay andikape non kokobe; rele omoseks-yèl yo masisi/gason makòmè; rele yon moun ki gen pwoblèm mantal moun fou ...

Eksplike patisipan yo oto-estigmatizasyon an se lè ou mete nan tèt ou se komsi SIDA make sou figi w, depi yo gade w yap wè sa. Pou w evite sa, ou evite soti, frekante kote wap rankontre anpil moun

Eksplike patisipan yo diskriminasyon mache men nan men ak estigmatizasyon men yo pa menm bagay.

Estigmatizasyon se lè yon moun pa konsidere yon lòt moun, li ba 1 mwens valè pase yon lòt, se lè li kole yon etikèt sou li epi sal repitasyon l, li fè 1 santi 1 diminye akoz kondisyon l, akoz li se yon andikape, akoz li gen yon maladi elatriye.

Estigmatizasyon mennen diskriminasyon. Diskriminasyon se yon move konpòtman, yon move aksyon yon moun fè yon lòt, se yon enjistik yon moun fè yon lòt moun akoz kondisyon li oswa akoz maladi li...

Kore esplikasyon yo ak kèk egzanp sou diskriminasyon tankou:

- *lonje dwèt sou moun;*
- *pa frekante yon moun paske li se masisi;*
- *Pa bay yon moun yon travay li ka fè paske l andikape;*

### **Evalye sa patisipan yo kenbe/sonje:**

Chwazi de patispan mande yonn eksplike diferans estigmatizasyon ak diskriminasyon. Mande lòt la bay yon egzant sou estigmatizasyon ak yon egzant sou diskriminasyon.

Di patisipan yo mèsi pou chak lide yo te bay ki pèmèt tout moun konprann sa Estigmatizasyon ak diskriminasyon ye. Bwase lide a fè nou wè tout moun ka viktim yon moman nan lavi li. Pou rès seyans la nou pwal reflechi sou yon sèl kalite viktim. Nou pwal reflechi sou Estigmatizasyon ak diskriminasyon kap fèt sou moun ki gen jèm SIDA.

### **3. Pase vidéyo sou estigmatizasyon ak diskriminasyon an (15 minit)**

Di patisipan yo mwen pwal pase yon vidéyo pou nou, mwen ta renmen nou suiv ak anpil atansyon. Se istwa de moun ki te sibi estigmatizasyon anba men fanmi ak zanmi yo, yonn rele Papin lòt la rele Yanite. Istwa sa yo se bagay ki pase tout bon nan lavi moun sa yo nou pwal wè nan vidéyo a. Yo te aksepte bay temwayay pou rakonte sa ki rive yo a dekwa pou ede frennen estigmastizasyon sou moun kap viv ak jèm SIDA nan peyi a. Ann suiv ak atansyon.

Mande patispan yo fèmen fenèt yo si genyen ak si sa nesessè dekwa pou yo wè imaj yo pi byen.

#### 4. Chache wè si patisipan yo byen konprann vidoyo a (20 minit)

Poze patisipan yo kesyon sa a: sou kisa yo pale nan vidoyo nou sot gade a?

- *Bay plizyè moun lapawòl pou yo di sa yo panse epi koute repons yo*
- *Mande patisipan yo site non de moun ki viktim estigmatizasyon yo nan vidoyo a*
- *Mande yo bay non moun ki lakòz sa ki rive a pou chak viktim yo*
- *Fè yo di kisa moun sa ye pou moun ki viktim nan*
- *Kijan sa te fini pou de viktim yo ak moun ki tap estigmatize yo a nan vidoyo a*

Pou fini fè patisipan yo bat bravo pou tèt yo paske yo konprann vidoyo a, sa ki vle di yo te byen suiv li.

Kounye a map mande chak moun pran yon ti tan pou 1 reflechi pou l jwenn yon egzanp estigmatizasyon/dis-kriminasyon apati vidoyo a oswa apati eksperyans pa l, oswa eksperyans pa yon moun li konnen.

Mande patispan ki vle yo pataje egzanp yo ak tout gwoup la. Chak moun ap di :

- *ki kote egzanp la soti , èske se nan vidoyo a, eksperyans/istwa pa l, oswa eksperyans/istwa yon moun li konnen.*
- *kisa moun ki viktim nan te sibi, Kijan l te santi l*
- *ki kote sa te pase èske se lakay li, lekòl, legliz, lopital, nan katye l, nan travay li,*
- *ki moun ki te fè estigmatizasyon sou moun nan*

Lè tout patisipan fin pale fè yon ranmase sou tout sa yo te di, epi bay plis presizyon sou divès kalite fòm estigmatizasyon moun ki gen jèm SIDA yo ap sibi, ki moun ki plis lakoz bagay sa yo ak ki kote sa fèt pi plis (Yo ba yo vye non yo rele yo machann SIDA oswa bouda SIDA, yo revoke yo nan travay yo akoz maladi a, Yo rele fanmiy yo fanmiy SIDA, Nan videoyo a yo montre nou Papin pèdi plas li nan legliz la, yo imilye l jiskaske li oblige kite katye kote l te rete, yo prèske siye mikwo a lè li fin sèvi ak li . Yanite li menm yo dil gwo pawòl ki di anpil epi yo fè chante sou li...)

## 5. Diskite sou sa ki lakòz estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun ki gen jèm SIDA yo ak ki konsekans sa genyen (30 minit)

Kòz yo:

- *Di patisipan yo pa gen anyen ki fêt san rezon. Menmin jan an tou lè yon moun fè estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun kap viv ak jèm SIDA yo, gen yon bagay ki pouse l fè sa.*
- *Mande patisipan yo repase videoyo a nan tèt yo ankò epi di kilè zanmitay la gate ant Samson ak Papin - Poukisa Samson te pran distans li ak Kouzen l Papin*
- *Ankouraje yo pale jiskaske yo rive di 2 rezon prensipal yo ki lakòz Samson gate zanmi ak Papin. Premye a se paske li pa gen bon enfomasyon sou maladi ya, dezyèm nan se paske li pè maladi a, SIDA se yon maladi grav li pè poul pa trape l.*
- *Mande patisipan yo ki te pataje eksperyans pa yo ak eksperyans fanmi ak zanmi yo èske yo jwenn lòt rezon ki lakòz estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun kap viv ak jèm SIDA yo*

- Pou fini fê rezime tout sa ki lakòz estigmatizasyon ak diskriminasyon yo epi eksplike patisipan yo gen kòz ki makonnen ansanm tankou pa gen enfômasyon ak laperèz

### Konsekans yo:

- Di patisipan yo nou fin pale de kòz yo kounye a nou pwal pale de konsekans yo
- Poze kesyon sa yo:
- Kisa ki ka rive lè yo estigmatize yon moun kap viv ak jèm SIDA. Ki konsekans sa ap gen pou li ak fanmi l
- Kijan moun kap viv ak jèm SIDA a ap santi l si chak fwa la l kay zanmi l yo pa resevwa l, li pa janm wè zanmi an
- kisa ki ka rive si kou l soti nan lari a, nan katye a tout moun ap fê siy sou li oswa ap pale tou ba lè lap pase
- Kisa ki ka rive si yap siveye lè la l lopital pou yo wè nan ki sèvis li pwale apresa pou yal rakonte lòt moun sa
- Kisa ki ka rive si yo mal akeyi l nan lopital la. Eske nou kwè lap tounen vin pran swen ankò.
- Lè moun ki gen jèm SIDA yo pa vin pran swen lopital akoz estigmatizasyon ak diskriminasyon ki konsekans sa ka genyen sou jefò kap fêt pou lòt moun pa trape maladi ya.
- Lè yap estigmatize ak diskrimine moun ki gen jèm SIDA yo konsa tout kote yo pase Ki konsekans sa ka genyen sou kominote ya. Ki konsekans sa ka genyen sou peyi ya.
- Ankouraje patisipan yo pale, fê yo diskite antre yo epi koute repons yo
- Lè tout moun fin bay dizon yo ranmase lide yo epi

*korije yo ak konplete yo si sa nesesè*

- *Evalye sa patisipan yo kenbe: Chwazi de patisipan nou wè ki pa patisipe anpil, mande yonn site kòz estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun ki gen jèm SIDA yo. Mande lòt la eksplike ki konsekans sa ka genyen sou moun ki gen jèm SIDA yo*

## **6. Diskite sou sa Ki ka fèt pou anpeche estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun ki gen jèm SIDA yo (20 minit)**

- *Eksplike patisipan yo nou pa kapab rete bwa kwaze. Nou dwe fè estigmatizasyon ak diskriminasyon sispann vale teren.*
- *Mande patisipan yo sonje videyo a yo te gade nan komansman seyans la. Kisa Papin te fè pou Samson sispann estigmatize l ?*
- *Mande patisipan yo kisa yo chak ki la a kapab fè pou anpeche estigmatizasyon ak diskriminasyon kontinye fèt sou moun ki gen jèm SIDA yo, lakay yo, nan katye yo nan lekòl yo, kote yap travay , elatriye.*
- *Esplike yo tout ti aksyon konte paske anpil ti aksyon fè chay. Ba yo yon ti tan pou yo reflechi*
- *Fè chak patisipan pataje aksyon yo pwal fè yo ak tout moun*
- *Mande yo bay kèk lòt lide sou kisa kominote a kapab fè tou tankou: legliz yo, gwooup jèn yo (skout, kiwo), ekip foutbòl yo elatriye.*

## 7. Rafrechi memwa (15 minit)

- Mande chak patisipan di yon bagay li sonje nan tout sa ki te diskite nan seyans jodia
- Tout moun dwe pale
- Apre yo fin pale korije sa yo di ki pa fin korèk yo epi ajoute sa ki manke dekwa pou tout pwen enpòtan ki te diskite yo parèt

## 8. Tablo chanjman (10 minit)

- Fè patisipan yo sonje bi dyalòg yo, se pou ede moun adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo ak fanmi yo, zanmi yo.
- Bay chak patisipan yon tablo chanjman
- Eksplike yo sa tablo a ye epi kijan pou yo byen ranpli l
- Fè yonn oswa de patisipan repran eksplikasyon yo
- Di patisipan yo ranpli tablo a selon jan yo santi yo apre seyans la
- Ba yo tan pou yo ranpli tablo a si yo vle fè sa tousuit.
- Di yo yo kapab ranpli tablo a lakay yo tou si yo vle epi tounen ak li nan lòt seyans la

## 9. Evalyasyon (10minit)

- Eksplike patisipan yo nou pwal evalye seyans ki fèt jodiya pou nou wè sa ki te byen fèt ak sa ki merite amelyore. Tout moun dwe bay dizon yo. Lide yo ap ede nou fè lòt seyans yo pi byen. Evalyasyon an ap

*fêt nan bouch patisipan yo pa gen pou yo ekri anyen.  
Men animatè a dwe pran nòt nan Kaye li.*

- *Mande patisipan yo èske yo te satisfè de seyans la*
- *Mande yo kisa ki te bon, kisa yo te renmen*
- *Mande yo tou kisa yo pa te renmen, kisa ki ta merite chanje*
- *Pou fini mande patisipan yo bay seyans la yon nòt:*
  - 1 = pa satisfè di tou ;
  - 2 = plizou mwen satisfè;
  - 3 = Satisfè yon ti kras;
  - 4 = satisfè ;
  - 5 = Bon anpil, mwen kontan

## 10. Kloti (5 minit)

- *Di patisipan yo mèsi pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo*
- *Mande yo pou ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.*
- *Ankouraje yo pou tout moun vini a lè pou nou ka gen kont tan pou lòt seyans la.*

*Sonje : Animatè a ap fòme 5 gwooup. Lap bay chak gwooup 1 tèm epi lap mande yo prepare ti pyesèt oubyen ti chan sou toulesenk tèm dyalòg yo (sewopozitivite pwoteksyon sante, pwoteksyon sante seksyèl, rete fidèl nan swen ak tretman, estigmatizasyon ak diskriminasyon). Yap prezante ti pyesèt sa yo nan seyans kloti a dekwa pou seyans la ka pi bèl, pi enteresan, pi rilaks.*



## NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS SOU ESTIGMATIZASYON AK DISKRIMINASYON

### Kisa Estigmatizasyon ak Diskriminasyon ye

Estigmatizasyon se lè yon moun pa konsidere yon lòt moun, li pa ba 1 okenn valè, lap lonje dwèt sou li/kole yon etikèt sou li epi sal repitasyon 1, se lè li fè 1 santi li diminye akoz kondisyon li, akoz li se yon andikape, akoz li gen yon maladi elatriye. Estigmatizasyon lakòz moun pèdi lonè yo ak diyite yo devan sosyete a

**Egzamp:** Bay moun andikape yo non kokobe-Rele omoseksyèl yo masisi/gason makòmè- Anniye yon moun ki gen pwoblèm mantal rele 1 moun fou. (Estigmatizasyon an se nan fason yon moun panse ak nan sa lap di)

Estigmatizasyon mennen diskriminasyon, men yo pa menm bagay.

Diskriminasyon se yon move konpòtman, yon move aksyon yon moun fè yon lòt moun, se yon enjistik yon moun fè yon lòt moun akoz kondisyon sosyal li, kondisyon fizik li, oswa akoz maladi li elatriye

**Egzamp:** Lè ou pa frekante yon moun paske li se masis- Lè yon patron pa bay yon moun yon travay li ka fè paske 1 andikape

(Diskriminasyon se nan fason yon moun aji, nan aksyon li poze)

Divès kalite fòm estigmatizasyon ak diskriminasyonki fèt sou moun ki gen jèm SIDA

Estigmatizasyon ak diskriminayon kapab fèt sou moun kap viv ak jèm SIDA yo nan plizyè fason :

Lè nou pote Jijman moral sou yo. Sa vle di nou kritike yo sou sa sipoze yo fè. Kom SIDA se yon maladi moun plis trape nan fè bagay, nou sipoze moun ki gen jèm SIDA se moun ki nan vi lib, ki gen anpil mennaj oswa kap twonpe mari oswa madanm yo. Kidonk se yon kap fè sa k pa sa, yon moun kap viv nan peche

Lè nou pran distans nou ak yo. Nou pa vle frekante moun ki gen jèm SIDA yo, nou pap chita kote yo, nou pap ba yo lanmen. Se kòmsi gen de kan nou nan yon bò, yo menm yo nan lòt bò a

Lè nou fè yo santi yo pa gen okenn valè. Anpil fwa nou fè moun kap viv ak jèm SIDA yo santi yo pa itil anyen, nou trete yo tankou yon pakèt enkapab. Bagay sa kraze tout konfyans yo te gen nan tèt yo, yo vin pa renmen tèt yo ankò

Lè nou pa byen pran swen yo nan sant sante ak lopital. Anpil fwa moun kap viv ak jèm SIDA yo pa jwenn bèl akèy nan sant sante yo ak nan lopital yo. Yo pale lèd ak yo, pafwa yo konsilte yo nan yon lòt sal apa, yo pa ba yon bon kalite swen epi mete sou sa moun kap ba yo swen yo ap fè vye jès degoutans.

Lè nou estigmatize fanmiy yo. Anpil fwa nou estima-tize moun kap viv ak jèm SIDA a epi nou estigmatize fanmi l tou, komkwa nou mete yo tout nan menm pa-nye. Ata timoun ki pèdi paran yo akoz maladi SIDA,

sa yo nou rele òfelen yo, yo konn viktim estigmatizasyon. Akoz estigmatizasyon sa tout yon fanmi konn pèdi lonè l nan soyete a

Lè moun kap viv ak jèm SIDA a estigmatize tèt li. Estigmatizasyon ak diskriminayon yo sibi nan soyete a fè moun kap viv ak jèm SIDA yo estigmatize pwòp tèt yo. Lè konsa moun nan santi li koupab, li wont sa lakòz li pito rete apa, li vin ap viv nan kache, . Anpil fwa menm lopital yo pa ale pou yo jwenn swen ak tretman, yo pa pran medikaman yo.

Kòz ak konsekans estigmatizasyon ak diskriminasyon genyen Sa ki koz estigmatizasyon ak diskriminasyon sou moun kin gen jèm SIDA a se paske nou manke konesans sou maladi SIDA a, nou pa byen konprann li, nou pa gen eksperyans ase sou li. Anplis de sa yon maladi ki defigire moun, epi moun nan ap fini, lap bese jiskaske li mouri, sa fè nou pè. Nou pè pou nou pa trape l ak pou nou pa mouri menm jan an. Menmn si jounen jodiya gen medikaman ki pèmèt moun ki gen jèm SIDA yo byen viv ansante ak pi lontan nou kontnye pè maladi a ak moun ki malad yo kanmenm.

Estigmatizasyon ak diskriminasyon gen anpil konsekans. Moun nan santi l koupab, li wont sa fè li rete apa nan ti kwen l. Moun sa ap viv san afeksyon, san kè kontan. Li gen yon gwo lapenn, anpil fwa chagren sa lakòz moun nan pa anvi pran swen tèt li ankò.

Lè moun kap viv ak jèm SIDA a konnen yap siveye lè lal lopital pou yo wè nan ki sèvis li pwale, lè li konnen yap resevwal mal epi yap pale lèd ak li nan lopital la li pa menm anvi ale. Lè moun nan jennen poul ale lopital sa lakòz li pa jwenn swen li merite pou l ka viv

ansante. Sa lakòz tou li pa pran medikaman 1 yo kòm-sadwa. Moun kap viv ak jèm SIDA ki sou tretman dwe pran medikaman i chak jou san pran souf pou tout rès la vi l, si li vle jwenn bon rezulta.

*Toujou Sonje : Moun kap viv ak jèm SIDA a bezwen afeksyon fanmil ak zanmil, li bezwen sipò ak ankourajman yo pou l kapab sipòte maladi ak suiv tretman l kòmsadwa dekwa pou l ka viv ansante*